**दिन—शनिवार** **दिनांक—22.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रयागराज महाकुंभ दू हजार पच्चीसक आइ एकतालीसम दिन अछि आ श्रद्धालु लोकनिक उत्साह बढ़ैत जा रहल अछि। एखन धरि साठि करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु संगम मे आस्थाक डुबकी लगा चुकल छथि। केन्द्र सरकार उत्तर प्रदेश सरकारक संग समन्वय बना कऽ श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ व्यवस्था मे मुस्तैद अछि। ओतहि, बिहार समेत सीमावर्ती राज्य सँ सेहो श्रद्धालु सभक आवागमन मे सुविधा लेल विशेष प्रबंध कयल गेल अछि। रेलवे प्रशासन कतेको महाकुंभ विशेष ट्रेनक परिचालन कऽ रहल अछि। समस्तीपुर रेलमंडल अंतर्गत महाकुंभ जायवला श्रद्धालुक भीड़ के देखैत कुंभ विशेष ट्रेन चलाओल जा रहल अछि। दरभंगा सँ राति नओ बजे ई स्पेशल ट्रेन विदा होयत। जयनगर आ सहरसा सँ सेहो स्पेशल ट्रेनक परिचालन भऽ रहल अछि। भीड़ प्रबंधन लेल विभिन्न स्टेशन पर श्रद्धालु लोकनि लेल सुविधायुक्त होल्डिंग एरिया बनाओल गेल अछि।

---

आगामी चौबीस फरवरी के भागलपुर मे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधिक उन्नैसम किस्त निर्गत करताह। केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि जे देशभरिक दू करोड़ पचास लाख किसान एहि कार्यक्रम मे व्यक्तिगत आ ऑनलाइन माध्यम सँ सम्मिलित हेताह। भागलपुर मे प्रधानमंत्रीक सभास्थल के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल, राष्ट्रीय प्रवक्ता आ भागलपुरक पूर्व सांसद सैय्यद शहनवाज हुसैन, प्रदेश महामंत्री मिथिलेश तिवारी समेत पार्टीक कतेको पैघ नेता जनसंपर्क कऽ लोकसभ के कार्यक्रम मे सम्मिलित हेबाक नोंत दऽ रहल छथि।

---

नव दिल्ली मे पूसा कृषि विज्ञान मेला आइ सँ शुरू भऽ गेल। तीन दिवसीय मेलाक विषय उन्नत कृषि विकसित भारत अछि। केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे खेती भारतक अर्थव्यवस्थाक रीढ़ आ जीवन रेखा थिक। ओ कहलनि जे सरकार दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल कृषि क्षेत्र मे लगातार काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक महानिदेशक डॉक्टर हिमांशु पाठक आइ कहलनि जे जलवायु परिवर्तन सँ निपटबाक लेल कृषि वैज्ञानिक करीब अस्सी फसिलक दू हजार सँ बेसी प्रभेद विकसित कयने छथि। एकरा किसान लोकनि धरि पहुंचेबाक आवश्यकता अछि। भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक पूर्वी क्षेत्र कृषि अनुसंधान परिसर पटनाक पच्चीसम स्थापना दिवस के वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ सम्बोधित करैत ओ कहलनि जे कृषि विज्ञान केन्द्र, अटारी आ आनो संस्थानक माध्यम सँ एकर प्रचार–प्रसार हेबाक चाही। ओ कहलनि जे पूर्वी भारत मे कृषिक अपार संभावना अछि। एहि अवसर पर भारतीय कृषि वैज्ञानिक चयन बोर्डक प्रमुख डॉक्टर संजय कुमार आ आई.सी.ए.आर–आई.सी.ई.आर पटना के निदेशक डॉक्टर अनुप दास सेहो संस्थानक उपलब्धिक चर्चा कयलनि। एहि अवसर पर संस्थानक पच्चीस वर्षक उपलब्धि पर एक पोथीक लोकार्पण सेहो भेल।

———————————————————————————

मधेपुरा मे ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार आइ बजट संवाद मे कहलनि जे केन्द्र सरकारक बजट ऐतिहासिक अछि। एहि मे सभ वर्ग लेल कोनो ने कोनो प्रोत्साहन योजना सम्मिलित अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे न्यूनतम तापमान मे तीन सँ पांच डिग्री सेल्सियस वृद्धि भेल अछि। जाहि कारणे दिन मे लोक गरमीक अनुभव कऽ रहल छथि। ओतहि, विभिन्न जिला मे अधिकतम तापमान तीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिन धरि तापमान मे वृद्धि होयत। ओतहि, काल्हि सुपौल, अररिया, किशनगंज आ मधेपुरा समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्व भाग मे विभिन्न स्थान पर आंशिक बरखा हेबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय स्वयं सेवक संघक प्रमुख इकाई राष्ट्रीय सुरक्षा जागरण मंच दिस सँ आइ दरभंगा मे विकसित भारत दिव्य भारत विषय पर संगोष्ठीक आयोजन भेल। संगोष्ठी के मंचक संरक्षक इन्द्रेश कुमार सेहो वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ संबोधित कयलनि। दोसर दिस दरभंगाक डीएमसीएचक शताब्दी समारोहक अंतर्गत वैज्ञानिक संगोष्ठी मे पीजी छात्र लोकनिक शोधपत्र प्रस्तुत कयलनि।

———————————————————————————

सहरसा जिलाक महिषी थाना क्षेत्र अंतर्गत राजनपुर बाजार मे भीषण अगिलग्गीक घटना मे आधा दर्जन दोकान आ एक मदरसा जरिकऽ छाउर भऽ गेल। प्रखंड प्रशासन दिस सँ प्रभावित लोकनि लेल सहायता राशिक घोषणा कयल गेल अछि।

———————————————————————————

बेगूसराय मे गणेशदत्त महाविद्यालय दिस सँ वैश्विक अनुसंधान प्रक्रिया–परिदृश्य आ चुनौती विषय पर अंतर्राष्ट्रीय सम्मेलनक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त